



Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONFIRMASYON KANDIDA POU ADMINISTRATION KI GEN RAPÒ AK TRANSPÒ AK DEVLOPMAN EKONOMIK

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konfimasyon nouvo kandida pou administrasyon ki gen rapò ak transpò ak devlopman ekonomik.

"Pandan administrasyon mwen an ap kontinye mennen New York pi devan nan yon nouvo epòk, li enpòtan anpil pou nou antoure ak meyè pami meyè yo pou reyalize objektif transpò ak devlopman ekonomik nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nominasyon jodi a ranpli yon varyete bezwen nan ajans yo toupatou, e pa gen dout ke kandida sa yo se pi bon chwa pou wòl sa yo. Mwen pa ka tann byen ki pral soti nan gwoup sa a."

Yo te konfime **Renee Delgado** pral sèvi nan **Workers Compensation Board**. Madam Delgado se yon Avoka nan Federasyon Anplwaye Piblik Eta New York, AFL-CIO. Nan wòl sa a, Madam Delgado kontwole ak fè respekte akò negosyasyon kolektif ki gen rapò ak Federasyon Anplwaye Piblik yo. Travay Madam Delgado nan AFL-CIO te enkli tou entèfas ak manm sendika yo pou asire yo konprann dwa yo ak pouvwa negosyasyon yo. Madam Delgado, anplis travay li nan AFL-CIO, te travay pou Depatman Travay Eta New York lan (New York State Department of Labor), ak Biwo Pwokirè Distri Konte Albany an. Madam Delgado abite nan Albany.

Yo konfime **Alicia Glen** nan **Konsèy Komisyonè Gateway Development Corporation**. Madam Glen se Fondatris ak Direktris Egzekitif Jeneral MSquared. MSquared se yon platfòm pou devlopman byen imobilye ak investisman a enpak ke fanm posede ki fè patenarya ak sektè piblik la, devlopè ak investisè yo pou konstwi pwojè pou itilizasyon miks ki gen ladan lojman abòdab pou yon pakèt fanmi. Anvan sa, Madam Glen te yon Majistra Adjwen pou Devlopman Ekonomik anba Majistra Bill de Blasio. Madam Glen te pase plis pase yon deseni ak Goldman Sachs nan Urban Investment Group. Madam Glen gradye nan Amherst College.

Yo konfime **Lisa Gomez** nan **Konsèy Direktè Otorite Dòtwa Eta New York la**. Madam Gomez se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral L&M Development, li jwe wòl sa a an 2021, apre li te Direktris Operasyon pou plis pase uit ane. L&M Development konsantre sou livrezon lojman abòdab nan travay ak ajans lokal yo tankou HPD ak NYCHA pou bay lojman ki nesèsè. Anvan li te rantre nan L&M, Madam Gomez te sèvi nan

Administrasyon Bloomberg ak Koch epi li te pase yon ti tan nan sektè prive a nan JP Morgan ak Silverstein Properties. Madam Gomez gen yon BA nan LSU.

Yo konfime **Michael Hughes** kòm **Prezidan Otorite Transpò Niagara Frontier**. Mesye Hughes vin nan pozisyon sa a ak plis pase 14 ane eksperyans nan Komisyon Konsèy Otorite Transpò Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority). Anplis angajman li anvè Otorite Transpò Niagara Frontier a, Mesye Hughes ap travay kounye a pou Kaleida Health kòm yon Vis Prezidan an Chèf ak Ofisye Administratif an Chèf. Kaleida se pi gwo founisè swen sante nan Lwès Eta New York, epi li se tou pi gwo anplwayè nan Lwès New York ak plis pase 13,000 anplwaye. Mesye Hughes te kòmanse karyè li nan travay nan lejislati Konte Erie kòm yon asistan volontè, finalman ki te monte pou vin Direktè Kominikasyon pou biwo Egzekitif Konte Erie a. Kounye a, Mesye Hughes ap sèvi tou nan kominote lokal li a kòm yon Manm Konsèy Administrasyon Komisyon Apèl pou Zonaj nan Vil West Seneca, epi kòm yon Manm Konsiltatif Konsèy Règleman Chanm Komès Vil Amherst la.

Yo konfime **Kevin Law** kòm **Direktè** nan **Urban Development Corporation** lan epi yo pral deziyen li kòm Prezidan UDC a. Li se yon Patnè ak Vis Prezidan Egzekitif nan TritecReal Estate Development Company kote li fè pati ekip lidè yo epi li dirije Ekip Lojman Abòdab antrepriz la. Mesye Law te ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) Long Island pandan di zan ki pase yo. Anvan, Law te Direktè Egzekitif ak PDG Long Island Association (LIA), kote li te yon estratejis ak yon defansè kle sou tout kesyon ki afekte Long Island ak kominote biznis li a. Anvan manda li a nan LIA, Law te Direktè Egzekitif ak PDG Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA), dezyèm sèvis piblik ki pi gwo nan peyi a. Law te sèvi anvan kòm Direktè Jeneral Adjwen Konte a pou Konte Suffolk epi li te Patnè Jesyon biwo Nixon Peabody LLP, Long Island lan, yon kabinè dwa entènasyonal. Law sèvi kòm Prezidan Konsèy Inivèsite Stony Brook epi sèvi nan konsèy Otorite Transpò Metwopolitèn nan (Metropolitan Transportation Authority, MTA). Li se Prezidan Long Island Housing Partnership ak Prezidan Accelerate Long Island tou. Law genyen yon diplòm AA degree nan Suffolk County Community College, yon Lisans nan SUNY, Stony Brook University, yon Metriz nan Lekòl Siperyè Afè Iben ak Planifikasyon nan CUNY, Hunter College ak yon J.D. nan Lekòl Dwa St. John's University.

Yo konfime **Joe Martens** pou **Otorite Devlopman Olenpik Rejyonal** la (Olympic Regional Development Authority, ORDA). Mesye Martens se Direktè New York Offshore Wind Alliance, yon kowalisyon biznis, mendèv ak òganizasyon anviwònmanal ki angaje nan pwomouvwa devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot New York. Avan sa li te yon Atache Siperyè nan Open Space Institute, yon òganizasyon konsèvasyon tè rejyonal ki te pwoteje plizyè milye ekta tè soti nan Maine rive Georgia. Li te sèvi kòm Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) soti mas 2011 jiska jiyè 2015. Mesye Martens te dirije ajans lan nan enpleman misyon prensipal li pou pwoteje sante piblik ak anviwònman an. Mesye Martens te sèvi Gouvènè Mario Cuomo kòm Sekretè Adjwen pou Enèji ak Anviwònman an nan ane 1992-94 epi kòm Asistan Sekretè depi 1990-92. Li te Prezidan Komisyon Konsèy Otorite Devlopman Rejyonal Olympic, Prezidan Kòporasyon Etablisman

Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation) epi li te syeje nan konsèy Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji.

Yo konfime **Brian O'Dwyer** pou sèvi nan **Gaming Commission**. Li se yon patnè nan O'Dwyer Bernstein, ki te fonde pa papa li, Paul O'Dwyer. Kòm yon patnè, Mesye O'Dwyer konsantre sou aksidan pèsonèl, aksidan konstriksyon, dwa imigrasyon, ak relasyon mendèv. An jen 2011, Sekretè Deta Hillary Clinton te nonmen li kòm Komisè Komisyon Nasyonal Etazini pou [UNESCO](#). Mesye O'Dwyer gen yon BA nan George Washington, yon MA nan Middlebury, ak yon JD nan Georgetown.

Yo konfime **Marissa Shorenstein** pou sèvi nan **Gaming Commission**. Madam Shorenstein dènyèman te sèvi kòm Direktris Tranzisyon Egzekitif pou Gouvènè Hochul epi kounye a se yon Direktris nan SKDK. Nan wòl sa a, Madam Shorenstein bay kliyan konsèy sou pwoblèm kominikasyon estratejik ak zafè piblik. Madam Shorenstein te gen eksperyans anvan ak AT&T kòm Prezidan Northeast Region (Rejyon Nòdès), li t ap sipèvize zafè ekstèn konpayi an. Madam Shorenstein te deja sèvi nan chanm egzekitif Gouvènè David Paterson kòm Sekretè pou Laprès ak Direktris Adjwen pou Kominikasyon.

Yo konfime **Robb Simpson** pou sèvi nan **Konsèy Direktè Empire State Development lan**. Mesye Simpson soti nan nò eta e li ap viv ak travay nan Syracuse. Mesye Simpson se PDG Centerstate nan Syracuse NY. Centerstate se yon estrateji devlopman biznis ekonomik, ak Chanm Komès la yon fason endepandan. Kòm PDG, Mesye Simpson ede bay ekspètiz li nan konpayi ak òganizasyon lokal yo k ap chèche elaji biznis yo. Mesye Simpson ap sèvi tou kòm Direktè Egzekitif nan Central Upstate Regional Alliance ak Prezidan enkibatè biznis Syracuse la, ki se Tech Garden. Simpson gen yon B.A nan Colgate ak yon Metriz nan Syracuse's Maxwell School.

Yo konfime **Lisa Sorin** pou **Konsèy Administrasyon Otorite Transpò Metropolitan an**. Madam Sorin se Prezidan Chanm Komès Bronx lan. Madam Sorin se premye fanm ki prezidan Chanm Komès Bronx lan. Anvan li te vin Prezidan, Madam Sorin te yon Manm Konsèy aktif pou Chanm lan. Anvan li te rantre nan Chanm Komès Bronx lan, Madam Sorin te Direktris Egzekitif Distri Amelyorasyon Biznis Westchester Square pandan plis pase 6 ane. Nan wòl sa a, Madam Sorin te travay pou pote yon nouvo melanj vant an detay, lojman ak koneksyon transpò piblik amelyore nan seksyon Bronx sa a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)